

Pwogram Enèji Abòdab

Ansyen Pwogram Rediksyon pou Moun ki gen Revni ki Ba

Ou gendwa kalifye pou resevwa yon rediksyon sou bòdwo kouran w chak mwa si ou jwenn èd nan men pwogram asistans gouvènman elijib ki annapre yo.

W ap enskri otomatikman si yon ajans fè nou konnen ke ou resevwa:	Si ou resevwa èd sèlman nan pwogram ki annapre a (yo), ou dwe aplike pou w enskri:
— Pwogram Èd pou Enèji nan Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP) — Garanti Dirèk nan men Founisè oswa Sèvis Piblik (Direct Vendor or Utility Guarantee) — Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite (Temporary Aid to Needy Families, TANF) – NYC TANF; Westchester TANF — Asistans pou Dispozitif Sekirite (Safety Net Assistance, SNA) – NYC SNA, Westchester SNA *Ou kapab verifye estati enskripsyon w nan paj 1 bòdwo w la, nan seksyon Enfòmasyon sou Ajisteman.	— Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) – NYC SNAP, Westchester SNAP — Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI) — Medicaid — Asistans Federal pou Lojman Piblik (Federal Public Housing Assistance) — Alokasyon Andikap pou Veteran oswa Pansyon pou Sivivan (Veterans Disability or Survivors Pension) — Pwogram Sèvis Telefònik Lifeline (Lifeline) Si w ap viv nan teritwa tribal: — Asistans Jeneral Biwo Zafè Endyen (Bureau of Indian Affairs General Assistance) — Head Start — Asistans Tanporè pou Fanmi Tribi Ki nan Nesesite (Tribal TANF) — Pwogram Distribisyon Manje nan Rezèv Endyen (Food Distribution Program on Indian Reservation, FDIPIR)

Kijan pou Soumèt Fòm ak Dokiman Obligatwa Ou yo

1. Ranpli Aplikasyon w pou Pwogram Enèji Abòdab la (Energy Affordability Program, EAP) sou entènèt sou conEd.com/EAP.
2. Jwenn lèt alokasyon w lan oswa nenpòt dokiman obligatwa ki pwouve ou patisipe nan omwen yon pwogram ki kalifye.
3. Ou kapab voye yon kopi aplikasyon w lan ak prèv patisipasyon w pa imèl, pa faks oswa pa lapòs bay:

*Ou kapab bay prèv tou epi ranpli yon aplikasyon nan Sant Resepsyon San Randevou (Walk-In Centers) nou yo.

Imèl: EAP@conEd.com

Faks: 1-212-844-0110

Lapòs: Energy Affordability Program

Con Edison, PA Central
4 Irving Place, 9 Floor, Box 34
New York, NY 10003



Tanpri fè yo tradwi mesaj enpòtan sa a.

Proszę o przetłumaczenie tej ważnej wiadomości.

Попросите перевести это важное сообщение.

이 중요 메시지를 번역해주시기 바랍니다.

請完成此重要訊息的翻譯。

Por favor, este mensaje debe traducirse.

يُرجى ترجمة هذه الرسالة الهامة.

ביטע זעצט איבער דעם וויכטיגן מעסעדזש.

Aplikasyon pou Pwogram Enèji Abòdab

Si ou resevwa èd nan yon pwogram asistans gouvènman, ou gendwa kalifye pou yon rediksyon. Tanpri ranpli fòm sa a epi retounen l ba nou ansanm ak dokiman sipò ou yo pa imèl, faks oswa lapòs.

Kliyan / Pwopriyete Kont:

Moun ki Kalifye pou Èd la, si se pa li ki kliyan an:

Adrès Kote Yo Bay Sèvis la:

Nimewo Apatman / Inite, si sa aplikab:

Vil:

Eta:

Kòd Postal:

Telefòn:

Nimewo Kont:

Imèl:

Pwogram Asistans ki Kalifye yo

Tanpri chwazi pwogram asistans ki kalifye ou enskri ladann nan. Ou dwe enskri nan omwen yon pwogram pou ou kapab kalifye pou rediksyon sa a.

- | | |
|--|---|
| ☐ Pwogram Èd pou Enèji nan Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP) | ☐ Garanti Dirèk nan men Founisè / Sèvis Piblik (Direct Vendor / Utility Guarantee) |
| ☐ Pwogram Sèvis Telefònik Lifeline (Lifeline) | ☐ Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite (Temporary Aid to Needy Families, TANF) |
| ☐ Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) | ☐ Asistans pou Dispozitif Sekirite (Safety Net Assistance, SNA) |
| ☐ Medicaid | ☐ Asistans Jeneral Biwo Zafè Endyen (Bureau of Indian Affairs General Assistance) (si w ap viv nan teritwa triba) |
| ☐ Alokasyon Andikap pou Veteran oswa Pansyon pou Sivivan (Veterans Disability or Survivors Pension) | ☐ Head Start (si w ap viv nan teritwa triba) |
| ☐ Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI) | ☐ Asistans Tanporè pou Fanmi Tribi Ki nan Nesesite (Tribal TANF) (si w ap viv nan teritwa triba) |
| ☐ Asistans Federal pou Lojman Piblik (Federal Public Housing Assistance) | ☐ Pwogram Distribisyon Manje nan Rezèv Endyen (Food Distribution Program on Indian Reservation, FDPIR) (si w ap viv nan teritwa triba) |

Kondisyon pou Elijibilite

Pou yo pwouve patisipasyon yo nan youn nan pwogram ki anwo yo, kliyan yo dwe soumèt yon lèt alokasyon oswa yon dokiman ki gen ladan non yo oswa non Moun ki Kalifye pou Èd la (Benefit Qualifying Person, BQP), non pwogram ki kalifye a ak non antite gouvènman Triba la, oswa administratè pwogram ki te bay dokiman an. Tout dokiman dwe gen yon dat emisyon ki nan lesplas 12 dènye mwa yo oswa yon dat ekspirasyon alavni ki koresponn avèk peryòd èd la.

Si non Moun ki Kalifye pou Èd la (BQP) pa menm avèk non ki sou kont Con Edison nan, nou pral aksepte epi enskri kliyan yo nan pwogram nan, depi adrès ki sou lèt alokasyon an oswa dokiman an menm avèk adrès ki sou kont lan.

Sètifikasyon ak Otorizasyon Kliyan/Moun ki Kalifye pou Èd la

(Si kliyan an ap aplike sou baz enskripsyon BQP a nan yon pwogram ki kalifye, ni kliyan an ni BQP a dwe siyen anba a.)

Mwen sètifye enfòmasyon ki anwo yo kòrèk. Lè mwen siyen fòm sa a, mwen otorize Con Edison pataje epi verifiye avèk tyès pati yo enfòmasyon ki nan aplikasyon mwen an oswa nan dokiman mwen yo pou pwogram sa a. Mwen otorize tyès pati yo tou pou yo bay Con Edison, oswa reprezantan/oswa ajans gouvènman federal, eta oswa lokal yo, enfòmasyon oswa dokiman yo mande sou mwen ki gen rapò avèk pwogram sa a oswa lòt pwogram ki tankou sa. Yo pral pataje enfòmasyon sa yo pou ede trete aplikasyon mwen an epi pou asire mwen kontinye patisipe epi respekte kondisyon pwogram nan. Enfòmasyon Con Edison ak tyès pati yo gendwa pataje sou mwen yo se:

- Enfòmasyon sou aplikasyon m, patisipasyon m nan pwogram nan ak elijibilite m.
- Enfòmasyon ak dokiman sou sèvis piblik, istorik peman, istorik travay, revni, estati aplikasyon ak enfòmasyon sou alokasyon pou èd oswa asistans sèvis piblik.

Siyati Kliyan:

Dat:

Moun ki Kalifye pou Èd la / Siyati si sa aplikab:

Dat: